Ассаламу гІалайкум!

# Ахихъан

Газета бахъизе байбихьана 1937 с.

Унсоколо районалъул газета «Садовод» sadovoduns@yandex.ru

№ 7 (7251) 17 февраль Рузман 2017 сон. Газета биччала моцІида жаниб 4 нухалъ. Багьа 7 гъурущ



## Аппараталъулаб совещание

I3 февралалда райадминистрациялда букІана иргадулаб аппараталъулаб совещание. Гьеб рагьулаго районалъул бетІер ГІ. НурмухIамадовас кIвар буссинабуна I0 февралалда МахIачхъалаялда тIобитIараб гIолилазул, студентазул ва интеллигенциялъулги Форумалде. БетІерас бихьизабуна Форум тIадегIанаб даражаялда анин, хадубккунги тIоритIулел тадбирал гьедин тIоритIиялде кIвар буссинабуна райадминистрациялъул хIалтIухъабазул.

Цогидал суалазда тIадчIей гьабулаго ГІ. НурмухIамадовас бихьизабуна Унсоколо район кIалтIулъун бугин МугIрузулаб Дагъистаналде, гьеб кидаго бацIцIадго ва гIодобе биччараб ахIвалхIалалда букIине кколин. Гьеб рахъалъ ЖКХялъул хIалтIухъабазеги бетIерас лъикIаб къимат кьуна.

Экономикаялъул темаялда хъатIулаго ГІ. НурмухIамадовас кIвар кьуна араб соналда ракьазул актуализация гьабиялъе гьабураб хIалтIуе, ОКСалде, гьединго неформалияб занятосталда хурхунги. «Актуализациялда хурхун гIемераб хIалтIи гьабуна, амма гьелъ гIей гьабуларо. Гьаб 20I7 соналда гьелъул план I00 % тIубазабизе ккола. Неформалияб занятосталъул план тIубазабун буго, бугониги гьаб сонаоъеги жеги план бачIун буго, гьеб рахъалъ хIалтIаби гьарулел руго, руго лъикIал хIасилалги»,-ян бихьизабуна гьес.

Гьединго совещаниялда суал хьатIана РДялъул БетIерасул приоритетниял проектал тIуразариялда. Бихьизабуна гьел тIуразари хIаракаталда унеб бугилан. «Дие бокьилаан Унсоколо районалъул жиндирго приоритетниял проектал рукIине. – Нилъер руго районалъе хасиятал, гIумро гьабиялъул хаслъи бугел рахъал. Гьел жигаралда гIумроялде рахъинаризеги ккола. Щай бегьулареб туризм цебетIезабизе, щай бегьулареб хIорил, гIурул рагIаллъаби хIалхьи гьабулезе пайдаяб куцалда берцинго къачIазе? Гьеб гьабизе бегьулеб жо буго. ЧIахIиял ишал гьелъие гьаризе кколаро, байбихьизе бегьула гьитIиналдасан!». Гьел мурадазе бюджет дагьабги гIатIид гьабизе кколинги



бихьизабуна бетIерас.

Гьединго совещаниялда бицана АТКялъул хIалтIул. Гьеб ишалъул рахъалъ бетIерасул зам. М. ХIамзатовас тIадчIей гьабуна районалда АТКялъул хIалтIуда хурхун планалде росарал киналго рихьизариял тIуран ругин ва цIияб планалда рекъон хIалтIи гIуцIулеб бугин.

РукIана жеги гIемерал суалал: бюджеталда, хIалтIухъабазе мухь кьеялда, ясли-ахазда, школазда хинлъи ва квен чIезабиялда хурхарал. Гьел суалазда хурхун тIаде кколезе тIадкъаялги кьуна.

# ГIолилазул хIаракатчилъи борхизабиялъе

МахIачхъалаялда тIобитIана районалъул гIолилазул Форум






I0 февралалда МахIачхъалаялда ЦIадаса ХIамзатил цIаралда бугеб Авар театралда букIана Унсоколо районалъул гIолилазул, студентазул ва интеллигенциялъул Форум. Гьенир гIолилазулгун дандчIваялда гIахьаллъана районалъул церетIурал гIадамал, Дагъистаналъул общественниялгун политическиял хIаракатчагIи, республикаялъул ведомствабазул нухмалъулел ва цогидалги.

Тадбир рагьана районалъул гIолилазул ва кил Мурад Басировас. Гьес президиумалде ах1ана мустах1икъал г1адамал. Гьенир рукIана РДялъул диниял органазулгун хIалтIи гьабиялъул комитеталъул пред. М. ГIабдурахIманов, РДялъул БетIерасул кумекчи С. Сайпов, РДялъул МугIрузул территориалияб округалъул вакил М. Камилов, РДялъул прикладнияб искусствалъул, экологиялъул институталъул нухмалъулев, профессор Гъ. ГIабдурахIманов, ЖКХялъул рахъалъ министрасул зам. М. ГIусманов, «Чорадинский район» МОялъул бетIер М. МухIамадов, «Гергебльский район» МОялъул бетIер Р. Малачилов, профессор М. МухIамадов, цогидалги министерствабазул ва ведомствабазул нухмалъулел, ВУЗазул нухмалъулел, районалдаса рахъарал бажари бугел гIадамал, студентал, районалъул активалъул вакилзаби.

ТIоцебе рагIи кьуна «Унсоколо район» МОялъул бетIер ГI. НурмухIамадовасе. Гьес салам кьуна Форумалъул гIахьалчагIазе ва гьалбадерие. «Дун вохарав вуго жакъа ахирияб заманалда лъикIаб гIадатлъун лъугьараб гIолилазул Форумалда нужее салам кьезе щвеялдаса. Дида гIемер гьикъула щай гьадин цIикIкIараб кIвар кьолеб гIолилазде, гьезул лъикIал хIасилазде, лъаялде, хIалтIуда лъеялде, интересазде,-абун. Дица кидаго абула гIолилал рокьулин, щайгурелъул гIолилал руго нилъер букIинесеб. Гьелда бараб буго кинал нуж рахъинелали. Нужеда бараб буго улкаялъул букIинесеб.

ГI. НурмухIамадовас бихьизабуна жакъасеб Форум балагьараб бугин гьунар бугел районалъул гIолилал ккеялде, гьезул цIалул хIасилал лъикIлъиялде ва администрациялъул гьездехун бухьен щулалъиялде.

«Халкъияб Собраниялде гьабураб жиндирго Посланиялда республикаялъул БетIер Р. ГIабдулатIиповас бицана гIемер саназ кинаб къагIидаялъ букIараб гIолилазул политикаяли. Жалго жидецаго хIебтIун рукIана гIолилал, власть букIана жиндирго ишалда. Жакъа властаалъ хIаракат бахъулеб буго гьеб хIал хисизабизе. Унсоколо районалъе гIолилал битIун куцай кIиго рахъалъ жавабияб буго.

(Ахир 2 гьумералда)

**Ахихъан**

*Районалъул газета*

№ 7 (7251)

17 февраль 2017



Гъаб соналъул І6 февралалда Дагъистаналъул БетІерасул указалдалъун республикаялъул финансазул министрасул ишал тІуралевлъун тІамуна Юнус Саадуев. Цеве гьев вукІана гьебго ведомствалъул министрасул замлъун.

Цогидаб указалдалъун Биллал ЖахІбаров эркен гьавуна батІияб хІалтІуде иналда бан



# ГІолилазул хІаракатчилъи борхизабиялъе







Пемерисезда бичІчІулеб батила кигІан захІматал рукІарал районалъе арал саналали. Гьелдаго цадахъ районалда рукІана ва рукІинеги руго улкаги республикаги чІухІарал гІадамал.

Нилъер районалъ кьуна Кавказалъе 2 цІар арав имам, нилъер ракьцоясул цІар кьун буго Дагъистаналъул тахшагьар МахІачхъалаялъе. КІудияб машгьурлъи щвана ХъахІабросулъа МахІмудие. Нилъер баракатаб ракьалдаса рахъана гІемерал гІалимзаби, гІолилал, махщел бугел гІадамал. Нилъер ракьалда бижана цІулада гІарац бекьулеб махщел, кибниги дунялалда гьединаб махщел такрарлъичІо. Нужеда рагІун батила январалда районалда рагьана культуриябгун тарихияб комплекс «Ахульго». Гьелъие кІудияб кьимат кьуна РФялъул Президент В. В. Путиница.

Полеб гІелалъул лъаялъул даражаялда бараб буго районалъул хадубккунисеб къисмат. Жидерго умумазул ирсалдаса пайдаги босун гьеб цІуниялъе ва кквеялъе кинабго гьарбилин божилъи гьабизе бокьун буго гІолеб гІелалда. Нилъ руго кІудияб державаялда, гьелъул мустахІикъал васаллъун рукІине ккола. Нужеца жеги цебе бачине ккола гьеб. Нужеца цебетІезабизе ва берцин гьабизе ккола Дагъистан, район. Нижее бокьун буго нуж бажари бугеллъун, талихІаллъун, сахаллъун рихьизе. БитІараб нухдаса кинал ругониги бандитаз, террористаз къуркьизаризе бегьуларо нуж. Пумро букІаги нужер гвангъараб, битІараб, цІуна-къан харж гьабе заман, къимат тІадегІанаб валюта гІадин. Гьелъ рес кьезе буго гІолохъанго гІагараб ракьалъе унголъунги хъулухъ гьабизе, нуж рахъине бегьула машгьурал гІелмуялъул хІаракатчагІилъун, лъай кьеялъулъ, спорталъулъ, медицинаялъулъ, политикаялъул машгьураллъун. Жакъа нужеца нижер хІалтІи цебе бачунеллъул рихьулел руго нуж нижеда. Россияги, Дагъистанги, районги цебе бачиналъе кинабго гьабе! Гьеб нужеда бажарула, гІумро хІаракатаб гьабе, роха нужерго бергьенлъабаздаса. Гьарула нужее щулияб сахлъи, цІалулъ, спорта лъулъ чІахІиял бергьенлъаби! ЦІуне нилъерго районалъул ва республикаялъул тІадегІанаб цІар»,-ян лъугІизабуна П. НурмухІамадовас жиндирго кІалъай.

Хадуб рагІи кьуна МугІрул территориалияб округалъул полномоченияв вакил М. Камиловасе. Гьес Дагъистаналъул БетІер Р. ПабдулатІиповасул цІаралдасан салам кьуна ансадерил гІолилазе. Данделъиялда кІалъана диниял организациязул ра хьалъ М. ПабдурахІманов, РДялъул БетІерасул ку мекчи С. Сайпов, экологиялъул, прикладнияб институталъул ректор Гъ. ПабдурахІманов, района лъул имам Гъ-М. Абубакаров ва цогидалги.

Форумалда «Почетный гражданин Унцукульского района»,-абураб цІар кьеялъул церемонияги букІана. Гьеллъун рахъана: РДя лъул намусалъул эркенлъиялъул ва диниял учреждениязулгун хІалтІи гьабиялъул Комитета лъул пред. М. ПабдурахІманов, Дагъистан Республикаялъул БетІерасул кумекчи С. Сайпов, «г. Махачкала» архитектураялъул ва градостроительства лъул управлениялъул нач. М-Р. ГьитІинов, РДялъул тІадеги лъай кьеялъул учреждениязул тренер-преподаватель М. МухІамадов, ЦІадаса ХІамзатил цІаралда бугеб Авар театралъул директор М-Р. МухІамадрасулов.

Падат хІисабалда Форумалда шапакъатал кьуна цІалулъ мисал бихьизабулел студентазе. Соналдаса соналде цІалул отличникал цІикІкІунел руго. Нахъе кколел гьечІо спортсменалги, лъикІал хІасилал рихьизарулел руго гьезги. Гьединазе кьуна ХІурматалъул грамотаби ва гІарцулал сайгъатал.

Ахиралда П. НурмухІамадовас баркала загьир гьабуна рохалилаб тадбиралъул гІахьалчагІазе, бихьизабуна хьул гьабулеб бугин лъикІ цІалулезул къадар жеги борхилилан.

«Нилъер районалда гІолилазде цІикІкІараб кІвар кьолеб буго. ПоритІулел руго Форумал, спартакиадаби, рагьулел руго батІи-батІиял гІолилазул организациял. Районалъул нухмалъиялъул гьединаб кІвар кьеялъ гІолилазулъ жеги лъикІ цІализе, хІалтІизе гьира базабизе буго,-ян бихьизабуна Форумалда кІалъарал студентаз.

Концерталъул бутІаялда районалъул гурелги Дагъистаналъул цо-цо машгьурал кІочІохъабазги хІайран гьаруна балагьарал. Гьел ккола ПатІимат Расулова, Шахзада Мусаева, Муслимат ХІажиева, Шамиль Ханакаев, ТІалхІат Пумаров ва фольклора лъул ансамбль «Унцукуль». Фоеялда гІуцІун букІана щибаб росдал подворье, ансадерил махщелчагІазул выставка ва цогидабги.

# «Парус» программа гІумроялъулъе лъугьине ккола



І5 февралалда райадминистрациялда букІана РДялъул транспорталъул, энергетикаялъул ва бухьеналъул министрасул зам. Ю. МалламухІамадовги, «Дагестан-Парус» ОООялъул генералияв директор М. Раджабадзиевги, муниципалитетазул бутІрул ва цогидалги данделъараб данделъи. Гьелъул аслияб тема букІана учреждениязда ва организациязда гьезул государственнияб ва муниципалияб управлениялъул, гьединго коммерческиял предприятиязул хІалтІи автоматизировать гьабиялде буссараб «Парус» гьанжесеб программа гІумроялде бахъинабиялъул суал. Совешаниялда бихьизабухъе «Муниципалитетазда электроннияб система управления букІинаби жакъа гьечІого рес гьечІеблъун лъугьун буго»,-ян бихьизабуна Ю. МалламухІамадовас. – Гьелъ кумек гьабула качественнияб къагІидаялъ ва жиндир заманалда хъулухъ гьабизе. Гьеб программа гІумроялде бахъинабиялъе нижеца цІализеги гьарула гьелъул программаялда рекъон. Гьарула нужеда гьеб тІубазабиялъе хІаракаталда тІаделъи,-ян». Замминистрас бихьизабухъе «Парус» программа хІалтІизаби ккола РДялъул БетІерасул приоритетниял проектал гІумроялде рахъинариялъул цо бутІалъун. «Нижер мурад буго киб нужее кумек гьабизе кколебали лъазабун гьеб гьаби».

Росабалъ «Парус» программая лъул ругел захІмалъабазул бицана гьеб программаялъул жавабияв Ш. МухІамадовас. Киналго захІмалъаби лъугІизарize рагІи кьуна М. Раджабадзиевасги. «Программа «Парус» гьеб ккола нужер похозяйственнияб хІисабалъул тІехь. ТІоцебесеб иргаялда гьеб хІажалъула нужее. Гьеб ккола нужер инструмент, нужер хІалтІуе бугеб «шпрагалка».

ГІагараб заманаялъ гьенире росизе руго страховиял ва цогидал документал. Архивалги хІалае рахъинаризе хІисабалде росун руго. Гье лъул документазул баянал оцифровать гьаризе руго. Гьеб программаялъул гІемерал пайдаял жал руго, жакъа гьеб нилъее хІажатги буго,-ян бихьизабуна М. ХІажибагандовичас. Гьединго гьес бихьизабуна хІисабалде босун бугеб программа «Парус» локалиял носителазде, веб-системаялде росизе. Гьеб бараб буго, компьютер ва цогидалги носителалал хвезе, тІагІине бегьиялда. Программаялъул баянал хадурккунги хІалтІизаризе гьел хутІиялъе гьабизе ккола гьедин.

КІиабилеб суал букІана районалда электроэнергиялъухъ гІарац кьеялде буссараб. Суал рикІкІунеб букІана бегІераблъун ва къокъал болжалазда тІубазабизе кколеблъун. Бихьизабуна электроэнергиялъухъ гІарац кьеялда хурхун районалда цІикІкІарал налъаби ругилан. Росабазул бутІруз бихьизабухъе гІадатиял гІадамаз бухІараб токалъухъ гІарац кьолеб буго, амма соналдаса соналде налъаби рахунел руго. Гьединго цо-цо росабалъ авалазда токалъул напряжение гІолеб гьечІин, гьелъги гІадамаз токалъухъ гІарац кьезе инкар гьабулеб бугин бихьизабуна гьениб.

Районалъул бетІер ГІ. НурмухІамадовас бихьизабуна гьеб суал тІубазабиялъе компромисс батизе кколин. Гьес абуна: нилъеца гІарац кьолеб гьечІони нилъер гьаниб цо лампочка рекІине гьечІин, цо хІуби хисизе гьечІин. Гьелдаго цадахъ бихьизабуна арал соназ рукІарал ни лъеда рач1ого лъугьарал налъаби рецІиялъе ресал ратизе кколин.

**Ахихъан**

*Районалъул газета*

*№ 7 (7251)*

*17 февраль 2017 сон*



***Афганистаналъул рагъул заманаялъ миллионал гIадамазул гIумроялъул къиматалда чIараб гIемерал къварилъаби рачIана нилъер улкаялде. Жакъа къоялдеги гьеб рагъул нилъеда магIна бичIчIулеб гьечIо. I979 соналъул 22 декабралдаса нахъе I989 соналъул I5 февралалде щвезегIан букIана Афганистаналъул рагъ. Хасал баяназда рекъон улкаялъе камуна 13310 чи, 30 азарго чи лъукъун гIажизлъана, 311 ялде гIагарун чи асирлъана яги араб бакI лъачIого тIагIана. 72 чи вахъана Совет Союзалъул бахIарзаллъун...***

## Баркула, хIурматиял интернационалистал!



ХIурматиял рагъухъаби – интернационалистал, Афганистаналъул ветеранал!

Къабул гьабе Афганистаналдаса Совет Союзалъул аскар нахъе бачаралдаса 28 сон тIубаялде буссараб ракI-ракIалъулаб барки!

I989 соналъул 25 февраль нилъер улкаялъул тарихалъулъ даимгоялъе кIочонареблъун хутIана. Гьеб къоялъ Афганистаналдаса нахъе бачана Советияб аскар, лъугIана нилъер халкъалда хъатIараб кьогIаб рагъ.

Гьеб къоялъ ВатIаналда цебе граждандлъиялъулги рагъухъанлъиялъулги рахъалъ тIадаб налъи ракIбацIцIадго тIубарал районалъул гIадамаздехун бихьизабизе бокьун буго кIудияб хIурмат. Афганалъул кампаниялда нилъер рагъу-хъабаз бихьизабураб бахIарчилъиялъ нужеца КIудияб ВатIанияб рагъул бахIарчиял умумазул мустахIикъал васал рукIин бихьизабуна. Гьенир гIагарал-гIунтIарал хутIаразул къварилъи ракI-ракIалъ бичIчIула. Гьедин Афганистаналда хварал ракьцоял даимго нилъер ракIазулъ хутIила.

ГьабсагIаталда Унсоколо районалда гIумро гьабун руго 36 воин-интернационалист. Киназулго нужер ракI-ракIалъ адаб-хIурмат гьабула ва кIудияб баркала буго, Нужее, къуваталъухъ, бихьинчилъиялъухъ, къохIехьеялъухъ. РакI-ракIалъ гьарула Нужее ва Нужер гIагаразе талихI, битIккей, сахлъи-рохел ва кидаго бетIералда тIад роцIараб зоб букIин!

**ХIурматгун «Унсоколо район» МОялъул бетIер ГIиса МухIамадович НУРМУХIАМАДОВ.**

## Пайдаяб семинар

I4-I5 февралалда райадминистрациялда тIоцебе МугIрузул округалъул территориялда тIобитIана росабазул бутIрузул цIалулгун консультативияб семинар-совешание. Гьенир гIахьаллъана росабазул бутIрул ва киналго районалъул жавабиял гIадамал.

Семинар байбихьана «Унсоколо район» МОялъул бетIер ГI. НурмухIамадовасул саламалъулал рагIабаздалъун. Гьес бихьизабуна росабазул бутIрузул состав цIи гьабулеб гьаб заманалда гьадинаб тадбиралъул кIудияб кIвар бугилан. Гьединго бихьизабуна цебеккун районалда гьадинал тадбирал т1орит1ичIинги.

Семинар-совешание бачана бетIерасул кумекчи М. ХIажиевас. Гьеніб кIвар кьуна жакъасеб къоялда росабазул бутIруз пикру буссинабизе кколел киналго суалазде.

Ахиралда хIасилал гьаруна ва жавабал кьуна росабазул бутIрузул суалазе, гьезие кьуна данде кколел рекомендациял хIалтIул бугеб хIал хисизабиялъе.

КIиабилеб къоялъ бицана бакIалъулал самоуправлениязулги республикаялъул пачалихъиял учреждениязулги цадахъ хIалтIи гIуцIиялъе кумек букIиналъул мурадалда гьаризесел тадбиразул. Гьенир хъатIана киналго кIвар буссинабизе кколел суалазда. Семинар-совешание гIахьаллъаразе пайдаяб куцалда ана.

# КIочене кIоларел рагъул лахIзатал

**Афганистаналъул рагъ хъатIана Дагъистаналъул хъизаназдаги. Хасал баяназда рекъон гьенир гIахьаллъана 4000 гIан дагъистанияв. СССРалъул ва Россиялъул цогидал регионазда дандеккун Афганистаналда хъулухъ гьабуразул къадар Дагъистаналъул бищун цIикIкIараб букIана. I40 чи хвана афганазул рагъулъ республикаялъул. Нилъер улкаялда гьанже гьелъул къурбанал ракIалде щвезариялъул къо чIезабун буго I5 февраль.**

**Унсоколо район ккола машгьурал бахIарзазул, бихьинчиял гIадамазул ракь. 42 нилъер районалъул гIолиласги бихьинчилъиялда тIубазабуна интернационалияб налъи. ТIад руссараз ракI гьанцIун ракIалде щвезабула гьанже гьеніб букIараб рагъул сипат-сурат. КIочонеблъун букIиницхха биял гIодоре тIураб рагъ.**

**ГьабсагIаталда районалдаса чIаго руго 36 гьелъул рагъул гIахьалчи. Гьездасан гIицIго I5 чиясе щун буго пачалихъалдасан материалияб кумек. Сахлъи тIад буссинабиялда хурхун гьезие кумек гьабулеб буго районалъул ЦРБялъги. Амма интернационалистазул тIалаб гьабиялъул рахъалъ бугеб хIалалъ рази гьаруларин бицана районалъул афганцазулгун хIалтIи гьабулев Афганистаналъул ветераназул Союзалъул член М-З. МуртазагIалиевичас.**

**Гьоркьехун кьолел руго цо-цо рагъул гIахьалчиясул хIакъалъулъ.**





Унсоколо росулъа ГIабдулаев ХIасан ГIумарович Советияб Армиялде хъулухъ гьабизе ахIана 1987 соналъул I0 ноябралда. Рикьулаго ккана ВДВялде, Афганистаналъе солдатал хIадурулеб Фергана абулеб шагьаралде. I988 соналдайин абуни гьевги рехула цогидалго гIадин интернационалияб налъи тIубазе Афганистаналде. Рагъул заманалда щвана гIемерал ругънал. Гьанже ХIасаница ракIалде щвезабухъе рагъул заманаялъ гьев гьорлъ вугеб ротаялъ бихьизабуна чанго цоцада ккурал гьачагъазул группаби. Кутакалда рохулаан ракьцоял гьенир дандчIвараб мехалъ. Хъвалаан рокъоре кагътал, амма хIакъикъат бахчулаан. Гьеда лъалаан рокъор гьесухъ ралагьун ругезул ракIазул хIал. I989 соналъул I3 февралалда ХIасание рес щвана цIидасан Ферганалде, гьениса Витебскалде воржине. Гьенив командирлъун вахъана рагъулаб отделениялъул. Дагъабго заманалдасан вахъана взводалъул командирасул замлъун ва щвана «За отвагу» медаль, СССРалъул президиумалъул Советалъул «От благодарного афганского народа» грамота, «Афганистаналдаса войска нахъе бачаралдаса 20 сон тIубаялъул» юбилеялъул медаль ва цогидалги шапакътал.

* * *

Набиев МухIамад ХIажиевич гьавуна I966 соналъул 11 декабралда ГIашилтIа росулъ. I984 соналда тIадегIанал къиматазда лъугIана росдал школа ва цIализе лъугьана ХСХТялде. I985 соналда ахIана Советияб армиялде Хасавюрталъул рагъулаб комиссариаталъ. Анлъго моцIалъ цIалана Ашхабадалда, хадуб 40 армиялъул составалда витIана Афганистаналде, ккана Кундуз шагьаралде, гьенив вагьана I987 соналде щвезегIан. Хъулухъазул саназда щвана «За боевые заслуги» медаль, командирасул цIаралдасан баркалаялъул кагъат щвана эбел-инсухъе, «Воину-интернационалисту от благодарного Афганского народа» медаль, «70 лет вооруженных сил СССР» медаль, «20 лет вывода Советских войск из Афганистана» медаль, цогидалги шапакътал, ХIурматалъул грамотаби. Вуго гIемерсаназул Россиялъулги Дагъистана лъулги чемпионлъун ва призерлъун.

Балахъуни росулъ гьавуна ва гIуна Афганистаналъул рагъул цоги гIахьалчи МухIамадсултIан ГIабдулаевич. Гьев гьавуна I966 соналъул 22 июлалда.



I985 соналдаса I987 соналде щвезегIан хъулухъ гьабуна Афганистаналъул Герет шагьаралда букIараб I0I мотострелковияб полкалда. Руго гIемерал шапакъатал, гьездасан ккола «За боевые заслуги» медальги.

# Поэзиялъул букIон

## ТIубачIеб рокьи

Рокьул кIалгIабазул кIулалги рилун
Рагьда хутIун йиго эхетахъего,
Балаялъул хъулби сангаралъги къан
Сверун лъугьун йиго, нух балагьулей.
Нух билараб кьурул парсинийги ккун
Кумек гьабейилан йиго гьарделей,
Балагьлъараб гIурул карачелабалъ
КвачI базе кIвечIого тIад йосун йиго.
ТIубачIеб рокьуца макьуги бикьун
Къваридго сардида ччул-ччулей йиго,
Чияца бикъараб рекIел анищалъ
Шагьри моцIрол канлъухъ кечI хъвалей йиго.

## Эбел

ТIамах тIогьиллъичIеб, тIегьцин бечIачIеб
Байбихьи букIана хасалихълъиялъул.
Хурцин бакIаричIеб, херцин бецичIеб
Бакъулал рукIана жегиги къоял.
Холей эбелалъул къаданир кIусун
Къокъа руччабазул буго бакIарун.
Гьелъул ахирисеб ссун унеб хIухьлахъ
ХIал дагьлъун гIенеккун руго киналго.
Къуларай кIудаба, къедехун юссун
Синкъиялда магIу бацIцIуней йиго.
Бакъулаб къоялъул къварилъиийилан
Къо бухIун, рахIат хун жен-желей йиго.
Жан тIагIарай диде тIад лъимали ран
Юссунареб сапар сундухъ дуйилан,
Свараб гьаситодухъ юссун дунги тун,
КъватIие яхъине яхI кин гIурабан.
Нур босарал бабал, чIегIерал бераз
Бер щвезе гьабуна гьел киназдего,
Кинида ющарай гьитIинай дун гьелъ
Гьаюна аманат кIудабабаде.
КIутIбуз цоги рагIи буго щурулеб
Щибали лъидаго гьечIо бичIчIулеб,
БачIунеб къоялъул бакъул чIоразухъ
ЧIалгIадго къанщана, чIегIерал берал.

## Огь, дир гIолохъанлъи

Огь, дир гIолохъанлъи, гIумрудул бутIа
Полеб гьечIо къуват духъе ячIине,
Дур адрес цIехезе, росу гьикъизе
Гьоболлъухъе духъе рештIен гьабизе.
Огь, дир гIолохъанлъи, гIумродул бутIа
ГIела рикIкIад чIараб, бачIа тIад буссун,
Босноб рахIат гьечIеб гьаб херлъиялъул
Ханлъи дида тIаса нахъе босизе.
Амма кIочон тоге цадахъ босизе
ЧIегIерал беразул гвангъараб кунчIи,
Гъуждузда гьурщарал гьарзаял гьалал
Гьайбатаб черхалъул чалухаб рилъин.

## Хисуларо гIадан, гIадан вугони

Заманаялъ гIадан хисизавулин
Хабар цо-цо буго дида рагIулеб,
Хисуларо гIадан, гIадан вугони
ГIадамасул гIамал чорхолъ бугони.
Гьереси бицунге, гIадан гуккуге
ГIамал кIодолъиялъ рекIелъ рукъ ккоге,
Кумек гIадамасе кIовухъе гьабе,
Мискин-пакъирасул къваригIел тIубай.
ЧIухIараб каламалъ, дур пахрулъиялъ
Дандиясул рекIелъ рукIкIен хIунсуге,
Хадуб батулареб рагIиги бицун
Божилъи дудехун хвезе гьабуге.
Херав кIудиясул адабал цIуне,
Щар чорок гьабулеб хъантIи жибго те.
Жаваб кьезе ккани бетIер къулулеб
КъваригIел гьечIелда гьоркьой жураге.
Жиндийго гьабуни квеш бихьулеб жо
Киданиги лъийго, дуца гьабуге.
Гьоболгун, гьудулгун гьуинго вукIа,
Гьеб буго гIаданлъи борцунеб роцен.
Берцинлъигун, къвакIи, къокъид лъугIула
ЛъикIаб гIамал буго, дуй батулеб жо.

## Дунялалъул берцинлъи

Дунялалъул берцинлъи,
Бицун хIалго кIоларо,
Гьенир ругел тIагIамал
ТIагIен, лъугIелго гьечIеб.
ТIогьал рорхатал мугIрул
ГIаздаца жал тIупарал,
ТIогьолал расалъаби
РагIал, ракьанго гьечIел.
Ихдалил гьуинаб махI,
Мегъ цIун тIегьарал гьутIби,
Гъваридал океанал
Кьер-кьерал ччугIбуз цIурал.
Киналъулго берцинлъи
Бакъул къоялъул лъикIлъи,
Къасде сордо гвангъулеб
Шагьри моцIрол гьайбатлъи.
Зодихъ кенчIолел цIваби,
ЦIадул хIенхIал кинниги.
Кавудухъ эхетарай
Диде балагьун руго.
Гьез дун ахIулей йиго
Авалалъул тIарада,
ТIогьрокь берал чалухав
Чанахъангун дандчIвазе.

## ГIодуге, магIарулай

Подуге магIарулай
МугIрузул тIогьол квацIи,
ГIумроялъул чвахаби,
Чанго батIиял ругин.
РоцIцIарал цIвак-цIвакарал
Щер хIалаб, хIабургъараб,
ХIисаб тIагIун талихIаб,
ТалихI къараб къваридаб.
Дур магIуялъул гIилла
ГIолилавцин гуревищ?
Пазабазул бетIергьан
Багьадурцин гуревищ?
Божуе рекIкIал хIалев
ХIалихьатцин гуревищ,
ХIалал рихьун мун толев,
Тиричулавцин гурищ?
МагIуялъул гIиллалъун
ГIищкъул гIазаб батани,
МагIна гьечIев гIолилав
ГьечIин, вукIинчIилан те.
Мунго гIадал гIолилаз
ГIоралин тIурал магIил,
ГIададисебги батун
Гьанже рекIекълъун ругел.
ТIогьол къимат гьабулес
ТIун гIодоб рехулареб,
БетIер тIаде борхун кkве
ТIинай, дир магIарулай.

**Суайбат ХIАМЗАТОВА.**
**Рихьуни росу.**

### Сахлъи

## Раккила гIолохъанлъулел дараби

Полохъанаб би гьекъезе бокьулел вампиразул хIакъалъулъ маргъабазул цо кинабалиго гIелмияб къуcI батун буго. ЩIех-рехалъулаз чIезабун буго хIакъикъаталдаги гIолохъанаб биялъул къуват гIолеб бугин гIемерго херлъи нахъ бахъинабизе. Хераб биялъ абуни гIадан ахIмакълъиялде сверизавула. Полохъанлъизе жибго би хIажалъуларо. Полохъанаб биялдасан хадурккун гьаризе хIисабалде росулел ругел дарабазе къучIлъун росун руго синтетическияб белкаби. ГьабсагIаталдаго диабетиказ хIалтIизарула синтетическияб инсулин.

## «ЦIамхIалал» бактериял

Ургьисалаби унтаразеги давление бахунезеги цIикIкIараб къадаралда цIам кванай заралияб буго. Гьелъ кванирукъалъеги зарал кьезе бегьула. Гьединаб пикруялде рачIун руго къватIисел улкабазул гастроэнтерологал. Гьез чIезабуна цIамуца квербакъи гьабулин кванирукъалъул хеликобактур пилори микробал цIикIкIиналъе. Зама-заманалдасан цIикIкIун тIаде щолеб цIамхIалаб кваница кванирукъалъур ругел бактериязулги кумекалдалъун хроническияб воспаление лъугьинабула. Гьелъ лъугьинабула эрозия, язва ва опухолалгицин. РакIалде щвезабулеб буго, хIинкъи гьечIеб щибаб къойилаб цIамул норма ккола 5 грамм. ТIад балагьун гьеб ккола чайдул гъудалдаса дагьаб къадар.

Унсоколо бугеб гIолел туристазул станциялъул тIолалго хIалтIухъабаз гъваридаб пашманлъиялдалъун зигара балеб буго станциялъе къучI лъурав ва гIемерал саназ директорлъун хIалтIарав Ибрагьимов ХIажи ХIусеновичасда ва тIолабго гIагарлъиялда гьесул эбел

**Меседо**

Аллагьасул къадаралде щвеялда бан. Аллагьас гьелъие алжан насиб гьабеги, нахъе ругезе сабруги кьеги.

Районалъул «Ахихьан» газеталъул хIалтIухъабаз гъваридаб пашманлъиялдалъун зигара балеб буго ХIажи ва АхIмад Ибрагьимовазда, яцазда ва тIолабго гIагарлъиялда эбел

**Меседо**

Аллагьасул къадаралде щвеялда бан.
Аллагьас гьей иманалда тIойитIун ятаги.


| | | | |
|---|---|---|---|
| **Газета основана 1937 г.**<br>**УЧРЕДИТЕЛЬ: Администрация Унцукульского района**<br>**Главный редактор**<br>**Саният КЕБЕДМАГОМЕДОВА** | **Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору и сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РД**<br>**Регистр. Пи № ТУ05-00284 от 20 марта 2014 г.**<br>**Позиция редакции может не совпадать с точкой зрения авторов, которые несут ответственность за достоверность и объективность, представленных для публикации материалов. Рукописи не рецензируются и не возвращаются.** | **Адрес редакции:**<br>**51373**<br>**Унцукульский район пос. Шамилькала ул. М. Дахадаева 3**<br>**Телефон редактора 89896522856**<br>**sadovoduns@yandex.ru** | Адрес издателя:<br>г. Махачкала «Дом печати» ул. Акушинского 21<br>Подписано в печать 17. 2.17 г. 18. 40 фактически -18. 50 мин.<br>.......................................<br>Газета выходит 52 раз в год на аварском и русском языках<br>Тираж - 1000 экз. |